

## Deklarasyon sou Enpak Ekite : Akò Sante ak Sekirite Sendika Pwofesè Boston

Memorandòm Akò Sante ak Sekirite Sendika Pwofesè Boston

**Tit la :** pou ane skolè 2022-2023

**Dat la :** 28 septanm, 2022

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ?  Wi  Non

Si repons lan se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit :

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ?  Wi  Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònman
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflete idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun miltileng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Espesyal) ?</i></p>	<p>Memorandòm Akò (« Memorandum of Agreement » - MOA) ant Komite Skolè Boston an (BSC) ak Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers Union - BTU) detaye divès pwotokòl Sante ak Sekirite parapò a COVID-19 pou ane skolè 2022-2023 a. Akò a vize fè tout efò posib pou l kontinye aprantisaj an pèsòn, e an menm tan, asire sante ak sekirite elèv, fanmi, edikatè, ak lòt anplwaye lekòl yo ak distri a. Pandemi a kontinye ap enpakte, nan yon fason inegal, manm popilasyon sila yo ki istorikman aleka sosyete a, e akò sa a se yon pati enpòtan strateji jeneral distri a ak vil la pou diminye enpak sa yo.</p> <p>Se ekip negosyasyon Sendika Pwofesè Boston an ak ekip negosyasyon distri a ki te fòmile akò sa, e demografik yo reflete demografik elèv nou yo ak fanmi n yo.</p>
<p><b>2. Amoni ak Plan Stratejik la</b> <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>Akò sa a aliyen avèk divès angajman ki nan Plan Stratejik la : 2,7 Rann chak lekòl yon espas ki an sekirite pou chak elèv Lekòl Piblik Boston, ofri sipò ak pwoteksyon nesèsè pou yo aprann, grandi, e evolye. 5,4 Fè Lekòl Piblik Boston yon plas kote edikatè ak manm pèsònèl dezire travay paske yo konsantre sou sèvi elèv nou yo, yo santi ke yo gen valè nan je distri a, e yo jwenn sipò nan travay y ap fè a.</p>
<p><b>3. Analiz Done yo</b> <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Akoz done distri a ak Vil la montre ke pandemi COVID-19 la arive enpakte elèv ak manm pèsònèl minorite nou yo (nwa ak latino) ak elèv ak fanmi sila nou yo ki gen divès andikap nan yon fason dispwopòsyone, li esansyèl pou n suiv rekòmandasyon sila yo ke Komisyon Sante Piblik Boston an bay pou aisre sekirite elèv nou yo ak manm pèsònèl nou yo ; n ap fè sa nan fason n ap mete sou pye divès pwotokòl klè e solid parapò a afè sante ak sekirite.</p>
<p><b>4. Angajman Pati Entereze yo</b> <i>Kilès ki te angaje (kantite a, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Negosyasyon sa yo te fèt ant distri a ak sendika a, sepandan nou te pran an konsiderasyon divès enkyetid kle ke fanmi yo, manm pèsònèl lekòl yo, ak elèv yo te pataje avèk nou konsènan sa ki enpòtan pou yo parapò a pwòtòkòl COVID-19 yo nan divès reyinyon kominotè pandan tout peryòd pandemi a.</p>
<p><b>5. Strateji Ekite Rasyal</b> <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplemantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Nan efò nou fè pou n asire ke Lekòl Piblik Boston gen yon akò solid parapò a divès pwotokòl sante ak sekirite nou met an plas, distri a ak Sendika Pwofesè Boston an ap fòme yon patenarya ansanm pou diminye inegalite yo parapò a sante. Nou vize mentni aprantisaj an pèsòn nan atravè pwotokòl sila yo ki dekri nan akò sa a, e atravè divès strateji konplemantè ki anrapò avèk distribisyon divès tès gratis moun kapab fè lakay yo, atravè founisman divès opòtinite pou vaksinasyon, ak komunikasyon konstan avèk manm pèsònèl yo ak fanmi yo nan lekòl yo.</p>

<p><b>6 Bidjè ak Enplemantasyon</b> <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki divès idantite gwoup ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>Eleman akò sa a deja fè pati bidjè a pou ane skolè sa a. Pa gen okenn lòt fon anplis ki nesèsè akòz akò sa a.</p>
<p><b>7. Kontrandi ak Kominikasyon</b> <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Lidè lekòl yo, lidè distri a, ak lidè sendika a ap mete Memorandòm Akò a sou pye an kolaborasyon avèk youn lòt. Biwo Relasyon Travay la ap jwe yon wòl kle nan asire enplemantasyon an fèt an kolaborasyon avèk Sèvis Sante Lekòl Piblik Boston yo.</p>